

A Family Guide to Canvas

Plis enfòmasyon ki disponib isit la: <https://sites.google.com/gm.sbac.edu/alachua-digital-academy/home?authuser=0>

You may have heard your child will be using something called “Canvas” in Alachua County’s Digital Academy this fall. And you may have thought, do I need to go to a fabric store?!

Petèt ou te tande pitit ou pral sèvi ak yon bagay ki rele “Canvas” [Kànvas] nan Akademi Dijital nan Alachua Country lotòn sa a.

Thank goodness, the answer is no, you do not! Canvas is the name of the website the school district is using for online teaching this fall. This short Guide was written by parents who use Canvas in their jobs at the University of Florida, and who have kids in Alachua County schools. We know Canvas is a powerful tool that teachers can use in all kinds of ways. We wrote this Guide to give other parents a little information about Canvas so you can have a sense of what your child is doing in front of the screen all day. The school district and your individual school may have additional suggestions for you if you want to learn more about Canvas.

“Canvas” se non yo bay sitwèb tout lekòl yo pa bò isit la ap itilize pou enstriksyon dijital (online) lotòn sa a. Ti gid sa a se pwodui paran yo ki sèvi ak Canvas nan djòb yo nan Inivèsite Laflorid epi ki gen timoun nan lekòl Alachua County yo. Nou konnen Canvas se yon zouti pisan ki pemèt pwofesè lekòl anpil izaj diferan. Nou te ekri ti gid sa a pou ofri bay lòt paran yo yon ti kras enfòmasyon sou Canvas pou ou kapab genyen yon lide sou kisa timoun ou ap fè devan lekran chak jou. Administrasyon lekòl jeneral ak lekòl pa w kapab genyen plis sijesyon pou ou si w vle aprann plis sou Canvas.

1. What is Canvas?

Kisa ki Canvas?

Canvas is a “Learning Management Software.” Teachers use it to share information with students, and to store records of things like attendance and grades.

Canvas se yon “Lojisyèl Òdinatè ki pemèt moun aprann.” Pwofesè yo sèvi avèk li pou pataje enfòmasyon ak elèv yo, epi pou yo kenbe done tankou prezans ak mwayèn elèv yo.

It helps to think of Canvas like this: Imagine everything teachers write on the chalkboard or hand out in class. They might draw a diagram of cell mitosis, or pass out a worksheet of math problems, or give students copies of the Emancipation Proclamation to read. Now think about what students give to teachers. They might turn in that completed math worksheet, a lab notebook, or a report on how the Great Wall of China was built.

Li ede panse sou Canvas kon sa: Imajine tout bagay pwofesè ekri sou tablo oubyen distribye nan klas. Petèt y ap desine yon imaj pwosesis selilè, oubyen distribye yon fèy travay ki gen pwoblèm matematik, oubyen bay elèv yo yon kopi “Pwoklamasyon Emansipasyon an” pou yo li. Kounyeya panse sou sa elèv yo bay pwofesè yo. Petèt y ap rann fèy matematik sa a lè l konplete, oubyen yon kaye laboratwa, oubyen yon rapò sou ki jan Gran Mi Lachin te konstui.

This fall, teachers will use Canvas to share all these learning materials, and students will submit their completed work through it too. Teachers can see the work, write comments and grades on it, and put those grades in the gradebook, all through the same website.

Lotòn sa a, pwofesè yo pral sèvi ak Canvas pou yo pataje tout materyo aprann sa yo, epi elèv yo pral soumèt travay yo konplete a ladann tou. Pwofesè yo kapab wè travay la, ekri konmantè ak rezilta sou li, epi mete rezilta sa yo kote yo kenbe tout rezilta yo, atravè yon sèl sitwèb.

2. Why are the Schools Using Canvas?

Poukisa Lekòl yo ap sèvi ak Canvas

As you can see, Canvas can replace almost every exchange that uses paper. Teachers can also share video materials through Canvas, and schedule and host virtual meetings with their classes, with individual students—and with parents! Because everything is contained in one website, it is simpler for teachers to use than tools like Google classroom.

Kòm ou kapab wè, Canvas kapab ranplase prèske tout echanj ki mande papye. Pwofesè yo kapab pataje tou materyo videyo nan Canvas, epi yo ka mete yo nan orè yo epi ofri klas entènèt, ak elèv ki sou entènèt la tou—epi ak paran yo tou. Poutèt tout bagay fè pati yon sèl sitwèb, li pi fasil pou pwofesè sèvi avèk li pase zouti tankou “Google classroom.”

Canvas also has a tool for taking attendance. Since schools get federal funding based on attendance, this is very important. Finally, Canvas is very safe, and it is focused on learning. Only Alachua County Schools staff, teachers, and students can access the site. There is no “chat” or “hangout” function to distract students from class content.

Canvas gen yon zouti pou pran prezans. Akoz lekòl yo resevwa finansman federal dare kantite timoun ki prezans, sa se enpòtan anpil. Finalman, Canvas se yon zouti ki gen sekirite, epi fokis li se aprann. Se sèl administrasyon, pwofesè, ak elèv yo ki nan lekòl Alachua Country ki gendwa sèvi avèk li. Pa gen fonksyon “chat” (ti koze) oubyen “hangout” (rilaks san w pa fè anyen) ki kapab distrè elèv yo devan materyo klas yo.

3. How Do I Get Canvas?

Kouman mwen kapab jwenn Canvas?

You do not need to buy anything to access Canvas. But you will need a computer connected to the internet or an app on your smartphone to connect to your child’s classes. If your child is in the Digital Academy, Canvas will be much easier for them to use if they access it with a desktop or laptop computer rather than a phone.

Ou pa bezwen achte anyen pou sèvi ak Canvas. Men w ap bezwen yon òdinatè ki konèkte ak entènèt la oubyen yon “App” sou telefòn selilè w pou konèkte ak klas elèv ou yo. Si pitit ou nan Akademi Dijital la, Canvas pral pi fasil pou itilize si yo monte sou li ak yon òdinatè pito pase yon telefòn selilè.

4. I Thought Classes in the Digital Academy were Using a Tool Called Zoom?

M te panse klas nan Akademi Dijital la t ap sèvi ak yon zouti ki rele “Zoom”?

Zoom is a teleconferencing service that allows people to transmit a video link to each other, similar to Facetime or Skype. Teachers will connect with Digital Academy students using the Zoom tool, which is nested inside the Canvas website for each class.

Zoom se yon sèvis telekonferans ki pemèt moun transfere yon lyen videyo pou youn lòt, yon jan ki konparab ak “Facetime” oubyen “Skype.” Pwofesè yo pral konèkte ak elèv Akademi Dijital la ak zouti Zoom nan, ki kouche anndan sitwèb Canvas pou chak klas.

5. How Should Parents Use Canvas?

Kouman Paran yo dwe Sèvi ak Canvas?

In the first few weeks of school, you can sit with your child and look at the different Canvas sites for each class on their schedule. This will help both of you learn how the website works. You will see that Canvas has a “Calendar” feature that shows ALL the work that is assigned across your child’s classes. Using this Calendar can help your family support the independent work that kids in the Digital Academy will be doing this fall. You may want to download the Canvas Parents app for your phone so you can keep track of due dates and reminders from teachers. The Canvas apps for parents and students are listed on this page: <https://canvas.instructure.com/courses/1045977/pages/canvas-apps>.

Nan premye semenn lekòl, ou kapab chita ak pitit ou a epi gade sit Canvas diferan pou chak nan klas ki sou orè lekòl yo. Sa pral ede nou de aprann kijan sitwèb la fonksyonnen. Ou pral wè Canvas genyen yon zouti


“Kalandriye” ki montre TOUT travay ki genyen nan tout klas pitit ou a. Izaj Kalandriye sa a kapab ede fanmi ou sipòte travay endepandan timoun yo pral fè nan Akademi Dijital la lotòn sa a. Petèt ou ta vle telechaje App Canvas pou paran pou mete nan telefòn ou pou ou kapab suiv dat limit yo ak rapèl pwofesè yo. App Canvas pou paran yo ak elèv yo liste nan paj wèb sa a : <https://canvas.instructure.com/courses/1045977/pages/canvas-apps>

6. How Will My Child Use Canvas Every Day at School?

<p>To get to Canvas, kids should go to the Alachua County Public Schools website (https://www.sbac.edu/). In the upper righthand corner of the page is a link for “My Portal.”</p> <p>Pou twouve Canvas, timoun yo ta dwe ale nan sitwèb lekòl piblik Alachua Country (https://www.sbac.edu/). Nan kwen anwo epi adwat gen yon lyen ki rele “My Portal.”</p>	
<p>When they click on “My Portal,” your child will be asked to sign in with their username and password. The username is assigned by the school. If you need to re-set it, go to this page: https://fl02219191.schoolwires.net/Page/3512</p> <p>Lè yo klike sou “My Portal,” timoun ou a pral bezwen sèvi ak “username” ak “password.” Se lekòl la ki pral ba w “username” nan. Kontakte lekòl timoun nan pou jwenn li. Si w ta bezwen re-fè “username,” al sou paj wèb sa a: https://fl02219191.schoolwires.net/Page/3512</p>	
<p>After signing in, kids will be taken to a page with all the electronic resources the District offers. Click on the green icon for “Alachua Digital Academy.”</p> <p>Aprè li fin antre nan sitwèb la, timoun yo pral jwenn yon paj ki gen tout resous elektwonik Administrasyon lekòl ofri. Klike sou bouton vèt la pou “Alachua Digital Academy.”</p>	
<p>When they click on “Digital Academy,” your child will be taken into the Canvas environment. They will have a different Canvas site for each class on their schedule. Inside that site will be course materials, assignments, and links for the class’s Zoom meetings.</p> <p>Each school makes its own decisions about how kids will move from class to class within Canvas. You will learn more your school’s plans in an email message from the school and at the virtual Campus Tour the week before classes start.</p> <p>Lè yo klike sou “Digital Academy,” timoun ou yo pral antre nan anviwònman Canvas. Yo pral gen yon sit Canvas diferan pou chak klas ki nan orè yo. Anndan sitwèb sa a ap gen materyo, devwa, ak lyen pou klas ki nan “Zoom” yo.</p> <p>Chak lekòl fè desizyon pa li sou kijan timoun yo pral deplase soti nan yon klas ale nan yon lòt nan Canvas. Ou pral aprann plis sou plan lekòl ou nan yon mesaj imèl lekòl la ak nan Vizit Kanpis Vityèl semenn anvan klas yo konmance.</p>	

7. Will Grades be Published through Canvas?

Eske rezilta ak mwayèn pral Piblye nan Canvas?

<p>No. Grades will still be published using the Skyward portal. You can access it through this icon on the School District's webpage.</p> <p>Non. Rezilta pral toujou pibliye nan sistèm "Skyward." Ou kapab jwenn ni ak bouton sa a sou sitwèb Administrasyon lekòl (School District)</p>	
---	--

8. Who Do I Contact If.....

Kiyès pou M kontakte Si...

<p>My child is enrolled in the Digital Academy but when they click the link they get a "has no account" message.</p> <p>Timoun mwen enskri nan Digital Academy men lè yo klike sou lyen an, yo jwenn yon mesaj ki di "pa gen yon kont." ("has no account")</p>	<p>Call the main office of their school.</p>
<p>My child needs help figuring out how to do things in Canvas.</p> <p>Timoun mwen bezwen èd pou li aprann kijan pou sèvi ak Canvas.</p>	<p>Email your child's teacher. The first week of classes will focus on teaching kids how to use Canvas.</p>
<p>My child is enrolled in the Digital Academy but does not have access to the technology they need.</p> <p>Timoun mwen enskri nan Digital Academy la men li pa gen teknoloji yo bezwen.</p>	<p>Email or call your school. The technologies needed for the Digital Academy are listed here: https://www.sbac.edu/Page/30058.</p>

Every teacher, every school, and the whole Alachua County district is racing to get ready for the start of school. The district has published a short document that answers some basic questions about how to behave in the online classroom. You can find it here: <https://www.sbac.edu/Page/30053>. Individual schools will be send emails and provide further guidance at the Campus Tours the week before school starts. More information will be available at each school's Open House early in the fall.

Chak pwofesè, chak lekòl, epi tout lekòl nan Alachua County ap kouri pou yo pare pou konmansman lekòl la. Administrasyon an te pibliye yon ti dokiman ki bay repons pou kèk kesyon elemantè sou kijan pou timoun yo konpòte yo nan klas onnlay. Ou kapab jwenn li isit: <https://www.sbac.edu/Page/30053>. Lekòl yo pral voye imèl pou bay plis enfòmasyon epi w ap jwenn plis soutyen nan "Campus Tours" semenn anvan lekòl la konmanse. Ap gen plis enfòmasyon nan "Open House" nan lotòn tou.

Right now the only thing we really know about this year is that it will be very different! The Parent Teacher Association at your child's school will be working hard to make that difference as positive as possible.

Ane lekòl sa a ap diferan anpil, se sa pou n konnen mezanmi. Asosyasyon Paran-Elèv nan lekòl timoun ou a pral travay rèdchèch pou fè diferans sa a pozitif toutbonvre.